



## 2019 Nouvo Kowonaviris

**Dat Dènnye Modifikasyon: 12 Mas 2020 Enfòmasyon yo toujou ap evolye vit Sou kontèks sa BPHC konte modifiye enfòmasyon sa yo lè nouvo enfòmasyon enpòtan vin disponib.**

### **Kisa nouvo kowonaviris 2019 ye?**

Nouvo kowonaviris 2019 (SAS CoV-2, ki te rele 2019-nCoV) se li ki lakòz maladi ki rele kounye a COVID-19. Li se nouvo souch kowonaviris, ki fèk dekouvri nan vil Wuhan nan peyi Lachin. Anvan sa li pat konn transmèt sou moun. Kowonaviris (CoV) se yon gwo fanmi viris ki lakòz moun kòmanse malad avèk larim pou rive nan maladi ki pi grav. Sendwòm Respiratwa Mwayennoryan (Middle East Respiratory Syndrome, KMERS-COV) ak Sendwòm Respiratwa Sevè (Severe Acute Respiratory Syndrome, SARS-CoV) se egzanp Kowonaviris ki ka lakòz maladi grav.

### **Kijan COVID-19 simaye?**

Lè epidemi an te kòmanse nan Wuhan peyi Lachin, anpil pasyan te rapòte koneksyon ant yon gwo fwidmè ak makèt ki vann vyann bèt. Sa te sijere viris la te transmèt ant zannimo ak moun. Kounye a li klè COVID-19 simaye sitou ant moun ak moun. Viris la simaye nan goutlèt respiratwa ki soti lè yon moun ki enfekte touse oswa etènye. Goutlèt sa yo kapab tonbe sou moun ki toupre yo (yon distans apeprè 6 pye). Li ka posib tou pou yon moun pran COVID-19 lè li manyen yon sifas oswa on objè ki kontamine epi moun nan manyen bouch li, nen oswa zye li ak men ki kontamine a. Nouvo prèv yo sijere ke COVID-19 ka rete pandan anpil tan ouswa anpil jou sifas ki feta k yon varyete materyel.

### **Kisa siy ak sentòm COVID-19 ye?**

Kèk nan sentòm yo se lafyèv ak maladi respiratwa, tankou tous ak difikilte pou respire. Nan ka grav yo, enfeksyon an kapab lakòz bwonchit, nemoni, sendwòm respiratwa sevè, ensifizans renal epi menm lanmò. Sentòm COVID-19 yo ka sanble avèk sentòm grip la.

### **Ki moun ki nan risk pou konplikasyon grav nan COVID-19?**

Gen moun ki nan pi gwo risk pou yo vin malad grav akòz de maladi sa a. Tankou:

- Granmoun ajè yo
- Moun ki gen maladi kwonik tankou maladi kè, dyabèt, maladi poumon
- Fanm ansent
- 

Si ou nan pi gwo risk pou ta vin malad anpil akòz de COVID-19, ou ta dwe:

- Fè provizyon lakay ou, epi rampli medikaman.
- Pran prekosyon chak jou pou kenbe espas ant ou menm ak lòt moun.
- Lè w soti an piblik, rete lwen lòt moun ki malad, limite kontak sere (omwen 6 pye) epi lave men ou souvan.
- Evite foul moun otan posib.
- Evite vwayaj kwazyè ak pran avyon sil pa esansyèl
- Lè epidemi COVID-19 nan kominote w la, ou ta dwe rete lakay ou otan posib pou redwi risk pou pran maladi a.

### **Kijan yon moun kapab evite COVID-19?**

Pou kounye a pa gen vaksen ki la pou evite COVID-19. Pi bon fason pou evite enfeksyon an se evite ekspozè nan viris la. BPHC toujou rekòmande prekosyon estanda pou ede evite transmèt viris respiratwa a, tankou:

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn.
- Itilize dezefektan e pwodui jèl ki fèt ak baz alkòl.

- Evite manyen zye, nen ak bouch ou avèk men ou ki pa lave.
- Evite kontak dirèk avèk moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Kouvri bouch ou lè w ap touse oswa etènye.
- Pa pataje bwason, oswa manje, nan menm asyet.
- Netwaye epi dezefekte objè ak sifas ou manyen souvan yo.

**Si ou te vwayaje nan yon zòn jewografik ki gen transmisyon COVID-19 nan dènye 14 jou yo epi ou vinn santi ou malad avèk lafyè, tous, oswa ou gen difikilte pou respire, ou ta dwe:**

- Chèche swen medikal touswit. Anvan ou ale nan klinik swen sante oswa nan yon lopital, rele anvan pou fè yo konnen dènye vwayaj ou te fè a ak sentòm ou genyen yo.
- Evite kontak avèk lòt moun.
- Pa vwayaje pandan ou malad.
- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon klinèks oswa manch rad ou lè w ap touse oswa lè w ap etènye.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Itilize dezenfektan men ak baz alkòl si pa gen savon ak dlo.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou zòn jewografik ki afekte yo avèk transmisyon COVID-19 ale sou sitwèb <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-nCoV/travelers/index.html>.

### **Kisa vwayajè yo kapab fè pou pwoteje tèt yo ak lòt moun?**

Depatman Eta Etazini te bay yon avi pou rekòmande vwayajè Ameriken yo pou yo pa vwayaje nan zòn ki gen transmisyon COVID-19. Pou wè ki peyi ki sou lis sa a, ale sou sitwèb

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-nCoV/travelers/index.html>. Si ou oblije vwayaje:

- Evite kontak avèk moun ki malad yo.
- Evite zannimo (kit yo vivan oswa mouri), mache zannimo, ak pwodui ki soti nan zannimo tankou vyann ki pa kwit.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Itilize dezenfektan men abaz alkòl si pa gen savon ak dlo.
- Granmoun aje ak vwayajè ki gen pwoblèm sante epi ki a risk ta dwe diskite avèk pwofesyonèl swen sante yo sou vwayaj yo.

### **Kijan doktè dekouvri moun gen COVA-19?**

Si ou gen sentòm ki konsistan avèk COVID-19 epi si ou te vwayaje nan yon zòn ki gen transmisyon COVID-19 nan dènye 14 jou yo, pwofesyonèl swen sante ou ap teste ou pou viris la. Si ou gen sentòm epi ou te an kontak avèk yon moun ki teste pozitif pou enfeksyon COVID-19 kontakte pwofesyonèl swen sante ou. Pwofesyonèl swen sante yo ta dwe konnen yon istwa vwayaj detaye de pasyan ki gen lafyè ak maladi respiratwa sevè.

### **Kijan doktè trete COVID-19?**

Pa gen tretman antiviral ki rekòmande pou enfeksyon COVID-19. Moun ki enfekte avèk COVID-19 ta dwe resevwa swen sipò ak èd pou soulaje sentòm yo. Moun ki panse yo te ka ekspozè nan COVID-19 ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante yo imedyatman.



Boston Public Health Commission | Infectious Disease Bureau

1010 Massachusetts Avenue | Boston, MA 02118 | [www.bphc.org](http://www.bphc.org) | 617-534-5611